# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेश विधानमण्डल क बिहने से सुरू हो रहल सीतकालीन सत्र के पूर्व संध्या पर आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कई गो राजनीतिक दलन के नेता लोगिन के साथे सर्वदलीय बइठकी कइलें। विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना के मौजूदगी में भइल बइठकी में श्री योगी कहलें कि सदन सार्थक चरचा क जरिया होला। एही से प्रदेस क विकास कार के रफ्तार मिले ला। सथहीं समेस्या क समाधान होला। सदन के चलवले में कउनों तरह क बाधा न हो, सबके एकर धियान रक्खे के चाही। सत्र के ले के जारी अधिसूचना के हिसाबि से यूपी विधानमण्डल क सीतकालीन सत्र सोरह दिसम्बर से सुरू हो के बीस दिसम्बर ले चली। पहिला दिन्ने यानी बिहने औपचारिक काम के साथे अध्यादेस, अधिसूचना, नियम विधानसभा के पटल पर रक्खल जाई। दुसरका दिन्ने यानी सतरह दिसम्बर के वित्तीय बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस क दुसरका अनुपूरक बजट दुन्नो सदन में पेस कइल जाई। अठारह दिसम्बर के अनुपूरक बजट के अनुदान मांगि पर चरचा के बाद एके सरकार पारित कराई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु एगो समाचार पत्र समूह के ओरि से आयोजित दिव्य महाकुंभ–दुइ हजार पचीस कार्यक्रम में सामिल भइलें। श्री योगी बिपक्षी दलन के घेरत कहलें कि काल्हि संसद में चरचा संविधान पर होत रहल अउर मुद्दा सम्भल क उठत रहल। इनहीं के समय में छियालीस बरिस पहिले सम्भल में जवने मंदिर के बन्द कइ दिहल गइल रहे, ऊ मंदिर फेर से सबके सामने आ गइल अउर एकर हकीकत सबके सामने हौ। श्रीयोगी कहलें कि सम्भल में एतना पुरान मंदिर बजरंग बली क पुरान मुरती अउर ज्योतिर्लिंग रातोराति नाहीं आइल। उहां के कहलीं कि छियालीस बरिस पहिले जवन लोगि सम्भल के अंदर नरसंहार कइले रहलें उन्हें आजु ले सजा काहें नाहीं मिलल।

**********

इंजीनियर अतुल सुभाष आत्महत्या मामिला में बैंगलूरू पुलिस आजु जौनपुर क रहवइया अतुल क पत्नी के गुरूग्राम, उनकर माता अउर भाई के प्रयागराज से गिरफ्तार कइ लिहले हवे। आरोपियन पर अतुल के आत्महत्या बदे उकसवले, कथित तौर पर उनके खिलाफ दरज मामिला के वापिस लेवे बदे तीनि करोड़ रूपिया मंगले अउर बेटा से मिले बदे तीस लाख रूपिया क मांगि रखले क मामिला दरज कइल गइल हौ। सज्जो आरोपियन के बैंगलूरू ले आ के अदालति में पेस कइल गइल। अउर न्यायिक हिरासति में जेल भेजि दीहल गइल। मामिला में चउथा आरोपी के गिरफ्तार कइले क कोसिस जारी हौ। अतुल के नौ दिसम्बर के बेंगलुरू के उनके अपार्टमेंट में मृत पावल गइल रहे। उनके चालीस पन्ना क सुसाइड नोट लिखल गइल रहे अउर वीडियो बनावल गल रहे। एहमें अतुल अपने पत्नी अउर उनके परिवार वालन पर उन्हें प्रताड़ित कइले क आरोप लगवले रहलें।

**********

उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक आजु अजोध्या क दौरा कइलें। येह दौरान श्री पाठक अजोध्या एयरपोर्ट पर मीडिया से बतियावत कहलें कि मिल्कीपुर में जब्बो चुनाव होई, भाजपा क जीति निस्चित हौ। मिल्कीपुर क जनता के डबल इंजन क सरकार के नीतियन पर पूरा भरोसा हौ। श्री पाठक अजोध्या एयरपोर्ट पर विभागीय अधिकारियन के महाकुंभ से लवटे वाले दरसनिहन के साथे मकर संक्रांति अउर बसंत पंचिमी मेला में आवे वाले सरधालुअन के बढ़ियां स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करवले क निरदेसो दिहलें।

**********

प्रदेस क सहकारिता मंत्री जेपीएस राठौर आजु बनारस में जीर्णोद्धार के बाद सहकारिता भवन क लोकारपण कइलें। येह मौका पर पत्रकार लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि देस क गृह मंत्री अमित शाह के प्रेरणा से उत्तर प्रदेस में सहकारी क्षेत्रो में धीरे–धीरे क्रांति आ रहलि हौ। सहकारिता के क्षेत्र में गुजरात मॉडल के अपनावत उत्तर प्रदेसो कई गो समितियन के जरिया से किसानन के सथहीं आम लोगिन क जिनगी आसान हो रहल हौ।

**********

प्रदेस सरकार क मंत्री गिरीश चन्द्र यादव आजु जौनपुर के कृषि विज्ञान केन्द्र बक्सा में चलि रहल चारि दिन क बिराट किसान मेला कार्यक्रम के समापन समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर श्री यादव कहलें कि कृषि हमरे देस क संस्कृति अउर किसान देस क आत्म हवें। येही नाते सज्जो विकास बदे किसानन क आमदनी बढ़ावल जरूरी हौ। उहां के कहलीं कि किसानन क आमदनी बढ़ावे बदे सरकार कई गो योजना चला रहलि हौ।

**********

लौहपुरूस सरदार वल्लभ भाई पटेल क पुण्यतिथि आजु प्रदेस भर में मनावल जा रहल हौ। येही क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में उनके मुरती पर माला चढ़वलें। श्री योगी कहलें कि ओन्नइस सौ छियालीस में देस के संविधानसभा क गठन भइल रहे। ओकर प्रमुख सदस्य अउर स्वतंत्र भारत क पहिला गृह मंत्री के रूप में सरदार पटेल न त खाली देस क एकीकरण क ओह समय क अभियान के नया ऊंचाई दिहलें, बलुक पांच सौ तिरसठ से बेसी रियासतन के भारत गणराज्य क हिस्सा बनवलें। आजु जवन भारत देखल जा रहल हौ, ई सरदार पटेल क सूझबूझ क नतीजा हौ। एक भारत श्रेष्ठ भारत, सुरक्षित भारत क पृस्ठिभूमि में सरदार पटेल क सोच, कोसिस अउर मेहनति हौ।

**********